# Bilimlendiriw sistemasın reformalaw boyınsha Qaraqalpaqstan Respublikası aymaqlıq keńesiniń májilisi bolıp ótti

Mámleketimizde bilimlendiriw tarawına qaratılǵan itibar, onı rawajlandırıw baǵdarındaǵı ámeliy isler, erteńgi bilimli keleshektiń jetilisip shıǵıwına tiykar jaratadı. Ózbekstan Respublikası Prezidentinin 2022-jıl 3-fevraldaǵı Pármanı menen bilimlendiriw sistemasın reformalaw boyınsha Milliy keńestiń tastıyıqlanıwı bilimlendiriw sistemasın reformalaw, sırt  mámleketlerdiń eń aldıńǵı tájriybeleri tiykarında bilimlendiriw sapasın arttırıw, pedagog kadrlardıń bilimi hám mamanlıǵın xalıqaralıq dárejege alıp shıǵıwda ulken áhmiyetke iye boldı.

Image not found or type unknown

Búgin Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesinde bilimlendiriw sistemasın reformalaw boyınsha Qaraqalpaqstan Respublikası aymaqlıq keńesi tárepinen alıp barılǵan úyreniw jumısları hám aldaǵı wazıypalarǵa baǵıshlanıp májilis bolıp ótti.

Image not found or type unknown

Májilisti Qarakalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Baslıǵı Qaxraman Sariy ev  alıp bardı hám  aymaqlıq keńestiń respublikamızdaǵı ulıwma bilim beriw mekteplerinde alıp barǵan uyreniw jumısları boyınsha maǵlıwmatlarǵa toqtaldı.

Mekteplerde oqıwshılarǵa berilip atırǵan bilim sapası, oqıtıwshılardıń potencialı, bilimlendiriw orınlarınıń reyting nátiyjeleri úyrenilgeninde bir qansha kemshilikler bar ekenligi anıqlanǵan.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Májiliste mekteplerde bilim beriw sapasın jaqsılaw, joqarı kategoriyalı pedagoglar menen támiyinlew hám kompyuter, laboratoriya klasların zamanagóy talaplar tiykarında úskenelew máseleleri dodalanıp pikir usınıslar tıńlandı.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown